



MAHKAMAH KONSTITUSI  
REPUBLIK INDONESIA

# UNDANG-UNDANG DASAR NAGARA REPUBLIK INDONÉSIA TAUN 1945

(TARJAMAHAN TEU RESMI)





MAHKAMAH KONSTITUSI  
REPUBLIK INDONESIA  
-----

**UNDANG-UNDANG DASAR  
NAGARA REPUBLIK INDONESIA TAUN 1945  
(TARJAMAHAN TEU RESMI)**



**UNDANG-UNDANG DASAR  
NAGARA REPUBLIK INDONESIA  
TAUN 1945**

Tim Panarjamah:

Drs. H. Karna Yudibrata  
Drs. Usép Kuswari, M.Pd.  
Drs. Ruwéndi Permana, M.Hum.  
Drs. Dingding Haérudin, M.Pd.  
Agus Suhérman, S.Pd.

Rarancang jilid jeung rarancang buku:  
Nanang Subékti, Mardian W

Citakan Munggaran, Novémber 2006

Tipamedal  
**Sekretariat Jenderal dan Kepaniteraan  
Mahkamah Konstitusi Republik Indonesia  
2006**







MAHKAMAH KONSTITUSI  
REPUBLIK INDONESIA  
-----

## PIHATUR TIPAMEDAL

Salah sahiji program nu dipatéakeun ku Sekretariat Jéndral Kapaniteraan Mahkamah Konstitusi RI nyaéta narjamahkeun jeung ngalihaksarakeun Undang-Undang Dasar Nagara Républik Indonésia Taun 1945 (UUD 1945). Sawatara program nu geus réngsé dipigawé di antarana medalkeun UUD 1945 dina basa *Jawa ngoko* jeung *kromo inggil*, UUD 1945 basa Bali, UUD 1945 aksara Pégon atawa Arab Malayu, jeung UUD 1945 dina aksara Brailleu. Sawatara program nu keur digarap, di antarana narjamahkeun UUD 1945 kana basa Tionghoa, basa Arab, jeung kana basa *Jawa madhya*.

Sajumlahing program narjamahkeun UUD 1945 kana basa daérah téh minangka tarékah Mahkamah Konstitusi dina ngalaksanakeun amanat pasal 32 ayat (2) UUD 1945 nu nandeskeun yén nagara ngajénan jeung miara basa daérah minangka kabeungharan budaya nasional. Ku éta hal, masarakat dipalar baris leuwih mikaweruh UUD 1945 saupama maca dina basa daérahna séwang-séwangan.

Ieu UUD 1945 basa Sunda ogé saéstuna minangka salah sahiji hasil tarjamahan nu dikokolakeun ku Sekretariat Jéndral jeung Kapaniteraan MK. Éta program narjamahkeun téh bisa lumangsung ku alpukahna Sekretariat Jéndral jeung Kapaniteraan MK gawé bareng jeung Jurusan Pendidikan Basa Daérah/Sunda (JPBD) Fakultas Pendidikan Basa jeung Seni (FPBS) Universitas Pendidikan Indonésia (UPI), kalawan dilaksanakeun ku tim panarjamah nu dipapancénan ku JPBD FPBS UPI.

Teu cukup ku kitu, sanggeus draft tarjamahan réngsé dipigawé, éta hasil tarjamahan téh terus diadurénjomkeun dina lokakarya nu lumangsung dina tanggal 16 Séptémber, jeung 2-4 Novémber 2006. Éta lokakarya téh diiluan ku para ahli, akademisi, sastrawan, jeung budayawan Sunda, kalawan maksud sangkan draft UUD 1945 nu geus réngsé téa bisa disarungsum jeung diropéa deui, boh bisi aya kénéh hasil tarjamahan anu kurang loyog jeung naskah aslina. Tina éta lokakarya dihasilkeun naskah tarjamahan UUD 1945 nu dianggap leuwih merenah batan saméméhna. Leuwih ti kitu, éta naskah hasil lokakarya téh deuih dideres deui ku para ahli, pikeun ditilik jeung disaliksik deui kahéngkérana bari sakaligus dioméan. Nya hasil tina sababaraha tahap éta téh kiwari ngajenggléng mangrupa buku nu bisa kabaca ku balaréa.

Enas-enasna mah deuih, sanajan ieu UUD 1945 basa Sunda téh geus ditarékahan ku sawatara pihak dina sababaraha tahap, tapi tangtu baé ari

kahéngkérana mah baris ngagoréhél. Ku kituna, rupaning kamañdang jeung sawangan ti sing saha waé ogé kalintang dianti-antina, kalawan harepan, muga-muga waé upama hiji waktu ieu buku medal deui dina édisi saterusna, baris leuwih sampurna ti nu ayeuna.

Lian ti éta, perlu ditandesekeun yén ieu naskah tarjamahan téh lain naskah resmi nu bisa dijadikeun rujukan upama urang rék medar jeung madungdengkeun UUD 1945. Upama rék medar jeung madungdengkeun UUD 1945 mah rujukan resmina angger nu dina basa Indonésiana, luyu jeng unggelna pasal Pasal 36 UUD 1945, yén basa nagara nyaéta basa Indonésia.

Mungkas pihatur, guludagna rasa nu kebek ku kabungah baris marengan kana saban léngkah jeung tarékah singsaha waé ogé, utamana nu aya karep seja mileuleuheungkeun pikeun medalkeun deui ieu UUD 1945, boh pamaréntah boh masarakat, utamana pisan mah di lingkungan instansi/lembaga di Jawa Barat, sangkan ieu UUD 1945 dina basa Sunda téh bisa sumebar tur kapetik mangpaatna ku balaréa.

Jakarta, 20 Novémber 2006  
Mahkamah Konstitusi  
Sekretaris Jéndral,



**Janédjri M. Gaffar**



MAHKAMAH KONSTITUSI  
REPUBLIK INDONESIA

-----

## PANGBAGÉA

### KETUA MAHKAMAH KONSTITUSI RÉPUBLIK INDONÉSIA

Salah sahiji hasil nu geus kahontal ku bangsa Indonésia dina mangsa réformasi nyaéta parobahan UUD 1945 nu geus dilakukeun dina opat tahap. Éta parobahan téh dasar pisan, kalawan ngawengku méh sakabéh katangtuan nu aya dina UUD 1945. Tina jihat kuantitasna ogé geus bisa dicindekkeun yén saéstuna UUD 1945 téh geus opat kali ngarandapan parobahan, nyaéta parobahan anu tohaga sanajan ngaran UUD Nagara Républik Indonésia Taun 1945 tetep dipertahankeun. Upama dina naskah asli UUD 1945 eusina ngandung 71 katangtuan, tah sanggeus opat kali parobahan mah, matéri muatan UUD 1945 téh jadi 199 katangtuan.

Sanggeus réngsé ngayakeun parobahan konstitusional, tahapan saterusna nu kudu dipilampah téh nyaéta ngalaksanakeun UUD 1945 nu geus disarungsum téa. Ngalaksanakeun UUD 1945 ngawengku rupa-rupa kagiatan, ti mimiti konsolidasi norma hukum nepi ka prakna, kalawan ngalibetkeun sakumna komponén bangsa, boh pihak nu ngokolakeun nagara boh warga nagara. Éta hal patali jeung fungsi konstitusi nu lain ngan ngatur masalah politik jeung kalembagaan nagara wungkul.

Matéri UUD 1945 ngawengku dasar-dasar normatif nu fungsina jadi sarana kadali boh bisi aya nu méncog jeung nyéléwér dina dinamika kamekaran jaman, sakalian jadi sarana pikeun mekarkeun masarakat sarta sarana pikeun ngahontal cita-cita koléktif bangsa. Ngeunteung kana kakurangan sistem démokrasi politik di sawatara nagara di mancanagara, nu Undang-Undang Dasarna ukur dijadikeun konstitusi politik, nya ieu Undang-Undang Dasar téh eusina ngawengku dasar-dasar pikiran ngeunaan démokrasi ékonomi jeung démokrasi sosial. Ku kituna, ieu Undang-Undang Dasar téh bisa disebut konstitusi politik, konstitusi ékonomi jeung konstitusi sosial nu ngagambarkeun cita-cita koléktif bangsa deuih, boh dina widang politik, ékonomi, boh sosial-budaya, kalawan tetep ngajaga tingkat abstraksi dina ngarancangna minangka dasar hukum (*rechtsidee*).

Konstitusi di hiji pihak (a) nangtukeun wates kakawasaan minangka fungsi konstitusionalisme, tapi di pihak séjén (b) méré légitimasi kana kakawasaan pamaréntah. Konstitusi ogé (c) miboga fungsi minangka instrumén pikeun ngalihkeun kawenangan ti nu nyekel sungapan kakawasaan ka organ-organ kakawasaan nagara.

Sangkan UUD 1945 minangka konstitusi bangsa Indonésia bisa nohonan fungsina, sarta enggoning ngahontal tujuan nganagara sakumaha nu kaunggel dina Bubuka UUD 1945, nya UUD 1945 kudu bener-bener dilaksanakeun dina prakna. Dina ngalaksanakeunana téh gumantung kana tingkat kaweruh masarakat kana katangtuan nu aya dina UUD 1945 minangka wujud tina kasapukan sosial. UUD 1945 kakara bisa napak tur mungkin dilaksanakeun kalawan hadé upama masarakat nyaho kana hak-hak konstitusionalna, tepi ka bisa ngontrol nu ngaheuyek ieu nagara kitu deui aturan perundang-undanganana. Malahan mah, ilubiungna masarakat di nagara hukum anu démokratis téh ngan bisa ngawujud saupama masarakat ngalaksanakeun hak-hakna sakumaha nu dijamin ku konstitusi.

Salah sahiji masalah nu disanghareupan dina ngaraketkeun UUD 1945 minangka konstitusi urang ka masarakat umum sarta numuwuhkeun *the living constitution*, timbulna téh lantaran pedaran perkara konstitusi jeung matéri muatan nu dikandungna remen ngagunakeun rarangka mikir, sumber téori, jeung sumber prak-prakanana, katut istilah-istilahna malah, nu asalna ti nagara deungeun.

Ku kituna, perlu aya tarékah doméstikasi UUD 1945, nyaéta metakeun tarékah sangkan UUD 1945 jeung cara ngotéktakna téh ngindung kana pangalaman bangsa Indonésia jeung masalah nyata nu disanghareupan ku masarakat. Nu ngarotéktak sajarah katatanagaraan bangsa Indonésia salila ieu pamianganana masih ngulikbek ti jaman urang dijajah Walanda, padahal saméméhna gé geus aya karajaan-karajaan di wewengkon nusantara nu boga sistem jeung struktur katatanagaraan sorangan tur bisa dibandingkeun jeung sistem katatanagaraan modéren. Contona mah, ngabagi kakawasaan ti antara législatif, éksekutif, jeung yudikatif téh geus aya harita gé, sanajan kakawasaan raja dominan pisan, lantaran jadi pupuhu pikeun sakabéh lembaga nu ngajalankeun fungsi-fungsi kakawasaan. Malah prinsip démokrasi ogé geus katitén, lantaran nyieun putusan téh dilakukeun ku cara musawarah wakil-wakil masarakat, sanajan putusan ahir tetep dicangking ku pamingpin nu pangluhurna. Éta kanyataan sajarah téh bisa katangén di karajaan jeung unit pamaréntahan séjénna di sakuliah nusantara, upamana di Goa, Palémbang, Mataram, jeung lian-lianna.

Ku jalan ngayakeun élaborasi pangalaman bangsa Indonésia bari dipatalikeun jeung kamekaran UUD 1945, tangtu masarakat baris ngarasa yén sistem jeung eusining pikiran nu jadi matéri UUD 1945 téh lain perkara nu ahéng, tapi tumuwuh jeung mekar luyu jeung tumuwuh katut mekarna masarakat Indonésia. Lamun ieu hal dibarengan ku tarékah ngaraketkeun UUD 1945 ka masarakat, upamana baé cara nuliskeunana ngagunakeun basa jeung aksara daérah, ku masarakat UUD 1945 bisa dijieun tatapakan kahirupan ngamasarakat, mibangsa, jeung nganagara nu saéstuna. Masarakat baris bisa ngigelan rupaning pasualan nu disanghareupan dumasar kana norma-norma konstitusional. Ieu hal bisa ngajurung kana mekarna kahirupan jeung pikiran konstitusional luyu jeung kondisi tur kamekaran masarakat (*the living constitution*).

Lian ti éta, perlu aya tarékah tuluy-tumuluy pikeun ngaraketkeun UUD 1945 ka masarakat, tepi ka bisa numuwuhkeun budaya sadar konstitusi. Ieu tarékah téh bisa dilakonan ku jalan medalkeun UUD 1945 dina sababaraha vérsi basa jeung aksara daérah, sangkan aya rasa dalit anu

nganteng, tur ku kituna jadi tarékah enggoning miara jeung ngajénan éksisténsi basa daérah sakumaha nu diamanatkeun dina pasal 32 ayat (2) UUD 1945. Ku cara kieu deuih ngawujudna miara jeung ngamumulé basa daérah minangka kabeungharan budaya nasional téh.

\*\*\*

Minangka tarékah ngaraketkeun UUD 1945 ka masarakat sangkan *the living constitution* ngawujud, MK RI geus medalkeun tarjamah UUD 1945 dina basa Jawa ngoko, basa Jawa lemes, aksara Arab Malayu, jeung basa Bali. Medalkeun UUD 1945 dina basa Sunda ogé tangtu bagian tina éta tarékah nu ditataan bieu.

Basa Sunda téh salah sahiji kabeungharan budaya nasional nu geus tumuwuh jeung mekar ti mimiti jaman karajaan-karajaan bihari. Bukti tinulis nu pangheubeulna ngeunaan basa Sunda kapanggih dina Prasasti Kawali, Ciamis, nu cék taksiran dijieunna dina mangsa pamaréntahan Prabu Niskala Wastukancana (1397-1475). Dumasar kana éta titilar karuhun, bisa dipastikeun yén basa Sunda téh geus aya tur mekar ti saméméh abad XIV.

Kiwari basa Sunda digunakeun dina pajemuhan sapopoé ku 27 juta urang, minangka basa nu panyaturna kadua panglobana di Indonésia sabada basa Jawa. Basa Sunda digunakeun utamana di wewengkon pakidulan Propinsi Banten, wewengkon Jawa Barat, malah tepi ka Cilacap jeung Cipamali Brebes, Jawa Tengah. Nya tangtu waé éta masarakat téh boga hak konstitusional pikeun nyaho jeung ngarti kana UUD 1945. Ku kituna, éta hak téh perlu difasilitasi ku jalan medalkeun UUD 1945 dina basa Sunda.

Medalkeun UUD 1945 dina basa Sunda téh dipiharep bisa ngajurung kana élaborasi kabeungharan peradaban jeung katatanagaraan bangsa Indonésia jaman bihari, kalawan disawang sacara kontékstual minangka dasar peradaban jeung katatanagaraan jaman kiwari. Basa Sunda téh warisan peradaban kalawan struktur katatanagaraana dina jaman karajaan-karajaan mangsa bihari.

Ieu UUD 1945 téh dihaturkeun ka bangsa Indonésia minangka salah sahiji bukti yén UUD 1945 téh konstitusi keur sakumna masarakat, pikeun ngajurung tumuwuh jeung hirupna konstitusi dina prakték kahirupan ngamasarakat, mibangsa, jeung nganagara (*the living contitution*).

Jakarta, 10 Novémber 2006



**Prof. Dr. Jimly Asshiddiqie, S.H**



## Daftar Isi

Pihatur Tipamedal .....	v
Pangbagea Ketua Mahkamah Konstitusi RI .....	vii

### **Bagian Pertama**

Undang-Undang Dasar Negara Republik Indonesia Taun 1945 .....	1
Biodata Singget Nu Narjamahkeun .....	27

### **Bagian Kedua**

Pengantar Penerbit .....	33
Kata Sambutan Ketua Mahkamah Konstitusi RI .....	35
Undang-Undang Dasar Negara Republik Indonesia Tahun 1945 .....	41
Biodata Singkat Tim Penerjemah .....	66
Daftar Peserta Lokakarya .....	68





---

Undang-Undang Dasar Nagara Républik Indonésia Taun 1945 nu disundakeun tur dimuat dina ieu buku téh nyaéta **Undang-Undang Dasar Nagara Républik Indonésia Taun 1945 dina Sanaskah**, nyaéta gundukan tina Undang-Undang Dasar Nagara Républik Indonésia Taun 1945 Naskah Asli, Parobahan Kahiji, Parobahan Kadua, Parobahan Katilu, jeung Parobahan Kaopat.

---



**UNDANG-UNDANG DASAR  
NAGARA REPUBLIK INDONÉSIA TAUN 1945  
(TARJAMAHAN TEU RESMI)**



UNDANG-UNDANG DASAR NAGARA RÉPUBLIK INDONÉSIA  
TAUN 1945

BUBUKA

(P r e a m b u l e)

Saéstuna kamerdékaan téh hak sakumna bangsa. Ku sabab kitu, penjajahan di sakuliah dunya kudu dimusnahkeun lantaran teu luyu jeung perikamanusaan tur perikaadilan.

Sarta perjuangan pergerakan kamerdékaan Indonésia geus cunduk kana waktu nu rahayu kalawan berekah salamet santosa nganteurkeun rayat Indonésia ka gapura kamerdékaan Nagara Indonésia nu merdéka, ngahiji, kawasa, adil, jeung ma'mur.

Ku berekahna rahmat Allah Nu Mahakawasa kalawan dijurung ku angen-angen nu luhung sangkan kahontal kahirupan kabangsaan nu bébas, nya ku kituna rayat Indonésia nétélakeun kamerdékaanana.

Saterusna, pikeun ngawangun hiji Pamaréntah Nagara Indonésia nu nangtayungan sakumna bangsa Indonésia jeung sakuliah lemah cai Indonésia sarta pikeun ngamajukeun karaharjaan umum, nyerdaskeun kahirupan bangsa, jeung milu ngalaksanakeun katartiban dunya dumasar kana kamerdékaan, karépéhrapihan nu langgeng jeung kaadilan sosial, nya disusun éta Kamerdékaan Kabangsaan Indonésia téh dina hiji Undang-Undang Dasar Nagara Indonésia, winangun Nagara Républik Indonésia nu ngagem kadaulatan rayat sarta dumasar kana Katuhanan Nu Maha Esa, Kamanusaan nu adil jeung beradab, Persatuan Indonésia, jeung Karayatan nu dipingpin ku hikmah kawijaksanaan dina Permusawarahan/Perwakilan, bari jeung ngawujudkeun Kaadilan sosial pikeun sakumna rayat Indonésia.

UNDANG-UNDANG DASAR

BAB I  
WANGUN JEUNG KADAULATAN

Pasal 1

- (1) Nagara Indonésia téh Nagara Kesatuan, dina wangun Républik.
- (2) Kadaulatan aya dina cangkungan rayat sarta dilaksanakeun nurutkeun Undang-Undang Dasar. \*\*\*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

- (3) Nagara Indonésia téh nagara hukum. \*\*\*)

**BAB II  
MAJELIS PERMUSAWARATAN RAYAT**

**Pasal 2**

- (1) Majelis Permusawaratan Rayat diwangun ku anggota Déwan Perwakilan Rayat jeung Déwan Perwakilan Daérah nu dipilih dina pemilihan umum tur diatur saterusna ku undang-undang. \*\*\*\*\*)
- (2) Majelis Permusawaratan Rayat ngayakeun sidang saeutikna sakali dina lima taun di ibukota nagara.
- (3) Sagala putusan Majelis Permusawaratan Rayat ditetepkeun ku sora panglobana.

**Pasal 3**

- (1) Majelis Permusawaratan Rayat boga wewenang pikeun ngarobah jeung netepkeun Undang-Undang Dasar. \*\*\*)
- (2) Majelis Permusawaratan Rayat ngistréan Présidén jeung/atawa Wakil Présidén. \*\*\*/\*\*\*\*\*)
- (3) Majelis Permusawaratan Rayat ngan bisa ngeureunkeun Présidén jeung/atawa Wakil Présidén dina mangsa jabatanana nurutkeun Undang-Undang Dasar. \*\*\*/\*\*\*\*\*)

**BAB III  
KAKAWASAAN PAMARÉNTAHAN NAGARA**

**Pasal 4**

- (1) Présidén Républik Indonésia nyangking kakawasaan pamaréntahan nurutkeun Undang-Undang Dasar.
- (2) Dina ngalaksanakeun kawajibanana Présidén dibantu ku saurang Wakil Présidén.

**Pasal 5**

- (1) Présidén boga hak pikeun ngajukeun rancangan undang-undang ka Déwan Perwakilan Rayat. \*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

- (2) Présidén netepkeun peraturan pamaréntah pikeun ngajalankeun undang-undang sakumaha mistina.

### **Pasal 6**

- (1) Calon Présidén jeung calon Wakil Présidén kudu warga nagara Indonésia ti barang lahir jeung teu kungsi narima jadi kawarganagaraan séjén lantaran kahayang sorangan, teu kungsi hianat ka nagara, sarta mampu boh rohani boh jasmani pikeun ngalaksanakeun tugas jeung kawajiban salaku Présidén jeung Wakil Présidén. \*\*\*)
- (2) Sarat-sarat pikeun jadi Présidén jeung Wakil Présidén diatur saterusna ku undang-undang. \*\*\*)

### **Pasal 6A**

- (1) Présidén jeung Wakil Présidén dipilih papasangan sacara langsung ku rayat. \*\*\*)
- (2) Pasangan Présidén jeung Wakil Présidén diusulkeun ku partéy politik atawa gabungan partéy politik pamilon pemilihan umum saméméh dilaksanakeun pemilihan umum. \*\*\*)
- (3) Pasangan Présidén jeung Wakil Présidén nu meunang sora leuwih ti lima puluh persén tina jumlah sora dina pemilihan umum kalawan sakurang-kurangna dua puluh persén sora di unggal propinsi nu nyebar di leuwih ti satengah jumlah propinsi di Indonésia, diistrénan jadi Présidén jeung Wakil Présidén. \*\*\*)
- (4) Dina hal taya pasangan calon Présidén jeung Wakil Présidén nu kapilih, dua pasangan calon nu meunang sora panglobana kahiji jeung kadua dina pemilihan umum, dipilih deui ku rayat sacara langsung; pasangan nu meunang sora rayat panglobana diistrénan salaku Présidén jeung Wakil Présidén. \*\*\*\*\*)
- (5) Tata cara ngalaksanakeun pemilihan Présidén jeung Wakil Présidén saterusna diatur dina undang-undang. \*\*\*)

### **Pasal 7**

Présidén jeung Wakil Présidén nyangking jabatan lilana lima taun, sarta sabadana bisa dipilih deui dina éta jabatan, ngan keur sakali mangsa jabatan. \*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa



### Pasal 7A

Présidén jeung/atawa Wakil Présidén bisa dicureunkeun dina mangsa jabatanana ku Majelis Permusawaratan Rayat dumasar usul ti Déwan Perwakilan Rayat, boh saupama kabuktian ngalanggar hukum, mangrupa ngahianat ka nagara, korupsi, nyogok, atawa milampah tindak pidana beurat lianna, atawa milampah codéka, sarta saupama kabuktian teu nohonan pasaratan deui salaku Présidén jeung/atawa Wakil Présidén.

### Pasal 7B

- (1) Usul ngeureunkeun Présidén jeung/atawa Wakil Présidén bisa diajukeun ku Déwan Perwakilan Rayat ka Majelis Permusawaratan Rayat kalawan ti anggalna kudu ngajukeun heula pamedih ka Mahkamah Konstitusi pikeun mariksa, ngadilan, jeung mutuskeun sawangan Déwan Perwakilan Rayat yén Présidén jeung/atawa Wakil Présidén geus ngalanggar hukum mangrupa hianat ka nagara, korupsi, nyogok, tindak pidana beurat lianna, atawa milampah codéka; jeung/atawa sawangan yén Présidén jeung/atawa Wakil Présidén geus teu nyumponan pasaratan deui salaku Présidén jeung/atawa Wakil Présidén. \*\*\*)
- (2) Pamanggih Déwan Perwakilan Rayat yén Présidén jeung/atawa Wakil Présidén geus ngalanggar hukum atawa geus teu nyumponan pasaratan deui salaku Présidén jeung/atawa Wakil Présidén téh nyaéta dina raraga ngalaksanakeun fungsi panitén Déwan Perwakilan Rayat. \*\*\*)
- (3) Ajuan pamedih Déwan Perwakilan Rayat ka Mahkamah Konstitusi ngan bisa dilaksanakeun upama meunang pangrojong ti sakurang-kurangna 2/3 jumlah anggota Déwan Perwakilan Rayat nu hadir dina sidang paripurna nu dihadiran ku sakurang-kurangna 2/3 tina jumlah anggota Déwan Perwakilan Rayat. \*\*\*)
- (4) Mahkamah Konstitusi wajib mariksa, ngadilan, jeung mutuskeun saadil-adilna kana éta pamanggih Déwan Perwakilan Rayat saelat-elatna salapan puluh poé ti saprak pamedih Déwan Perwakilan Rayat téa katarima ku Mahkamah Konstitusi. \*\*\*)
- (5) Upama Mahkamah Konstitusi mutuskeun yén Présidén jeung/atawa Wakil Présidén kabuktian ngalanggar hukum mangrupa hianat ka nagara, korupsi, nyogok, atawa milampah tindak pidana beurat lianna, milampah codéka; boh saupama kabuktian teu nyumponan pasaratan deui salaku Présidén jeung/atawa Wakil Présidén, Déwan Perwakilan

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

Rayat ngayakeun sidang paripurna pikeun neruskeun usul ngeureunkeun Présidén jeung/atawa Wakil Présidén ka Majelis Permusawaratan Rayat. \*\*\*)

- (6) Majelis Permusawaratan Rayat wajib ngayakeun sidang pikeun mutuskeun éta usul Déwan Perwakilan Rayat saelat-elatna tilu puluh poé ti saprak éta usul katarima ku Majelis Permusawaratan Rayat. \*\*\*)
- (7) Putusan Majelis Permusawaratan Rayat dumasar kana usul ngeureunkeun Présidén jeung/atawa Wakil Présidén kudu diputuskeun dina rapat paripurna Majelis Permusawaratan Rayat nu dihadiran ku sakurang-kurangna 3/4 jumlah anggota disaluyuan ku sakurang-kurangna 2/3 jumlah nu hadir, sabada Présidén jeung/atawa Wakil Présidén dibéré kasempetan pikeun méré penjelasan dina rapat paripurna Majelis Permusawaratan Rayat. \*\*\*)

### **Pasal 7C**

Présidén teu meunang ngabekukeun jeung/atawa ngabubarkeun Déwan Perwakilan Rayat. \*\*\*)

### **Pasal 8**

- (1) Upama Présidén tilar dunya, eureun, dieureunkeun, atawa teu bisa nohonan kawajiban dina mangsa jabatanana, manéhna diganti ku Wakil Présidén nepi ka réngsé mangsa jabatanana. \*\*\*)
- (2) Upama kajadian kakosongan Wakil Présidén, saelat-elatna dina waktu genep puluh poé, Majelis Permusawaratan Rayat ngayakeun sidang pikeun milih Wakil Présidén tina dua calon nu diusulkeun ku Présidén. \*\*\*)
- (3) Upama Présidén jeung Wakil Présidén tilar dunya, eureun, dieureunkeun, atawa teu bisa nohonan kawajiban dina mangsa jabatanana sacara babarengan, nu ngalaksanakeun tugas kaprésidénan téh nyaéta Menteri Luar Negeri, Menteri Dalam Negeri, jeung Menteri Pertahanan sacara babarengan. Saelat-elatna tilu puluh poé ti harita Majelis Permusawaratan Rayat ngayakeun sidang pikeun milih Présidén jeung Wakil Présidén tina dua pasangan calon Présidén jeung Wakil Présidén nu diusulkeun ku partéy politik atawa gabungan partéy politik nu pasangan calon Présidén jeung Wakil Présidénna meunang sora panglobana kahiji jeung kadua dina pemilihan umum saméméhna, nepi ka réngsé mangsa jabatanana. \*\*\*\*\*)

---

^) : Parobahan Kahiji  
^^) : Parobahan Kadua  
^^^) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

**Pasal 9**

- (1) Méméh nyangking jabatanana, Présidén jeung Wakil Présidén ngedalkeun sumpah nurutkeun agama, atawa ngedalkeun jangji kalawan daria di hareupeun Majelis Permusawaratan Rayat jeung Déwan Perwakilan Rayat saperti kieu:

Sumpah Présidén (Wakil Présidén):

“Demi Allah, kuring sumpah baris nyumponan kawajiban Présidén Républik Indonésia (Wakil Présidén Républik Indonésia) kalawan sahadé-hadéna jeung saadil-adilna, pengkuh kana Undang-Undang Dasar jeung ngajalankeun sagala undang-undang katut peraturan kalawan cepet lempeng sarta babakti ka Nusa jeung Bangsa.”

Jangji Présidén (Wakil Présidén):

“Kuring jangji, kalawan daria baris nyumponan kawajiban Présidén Républik Indonésia (Wakil Présidén Républik Indonésia) kalawan sahadé-hadéna jeung saadil-adilna, nyekel pengkuh Undang-Undang Dasar jeung ngalaksanakeun undang-undang katut peraturan kalawan cepet lempeng sarta babakti ka Nusa jeung Bangsa.” \*)

- (2) Upama Majelis Permusawaratan Rayat atawa Déwan Perwakilan Rayat teu bisa ngayakeun sidang, Présidén jeung Wakil Présidén ngedalkeun sumpah nurutkeun agama, atawa ngedalkeun jangji kalawan daria di hareupeun pingpinan Majelis Permusawaratan Rayat bari disaksian ku pingpinan Mahkamah Agung. \*)

**Pasal 10**

Présidén nyekel kakawasaan nu pangluhurna di Angkatan Darat, Angkatan Laut, jeung Angkatan Udara.

**Pasal 11**

- (1) Présidén kalawan kasaluyuan Déwan Perwakilan Rayat nétélakeun perang, ngawujudkeun perdaméyan jeung perjangjian jeung nagara séjén. \*\*\*\*)
- (2) Présidén dina ngayakeun perjangjian internasional lianna nu nimbulkeun akibat lega tur mendasar kana kahirupan rayat nu patali jeung bangbaluh keuangan nagara, jeung/atawa ngudukeun parobahan atawa nyieun undang-undang kudu disatujuan ku Déwan Perwakilan Rayat. \*\*\*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

- (3) Katangtuan saterusna perkara perjangjian internasional diatur ku undang-undang. \*\*\*)

**Pasal 12**

Présidén nétélakeun kaayaan bahaya. Sarat-sarat jeung akibat tina kaayaan bahaya ditetepkeun ku undang-undang.

**Pasal 13**

- (1) Présidén ngangkat duta jeung konsul.
- (2) Dina perkara ngangkat duta, Présidén ngéstoikeun pertimbangan Déwan Perwakilan Rayat. \*)
- (3) Présidén narima ditempatkeunana duta nagara séjén kalawan ngéstoikeun pertimbangan Déwan Perwakilan Rayat. \*)

**Pasal 14**

- (1) Présidén méré grasi jeung réhabilitasi kalawan ngéstoikeun pertimbangan Mahkamah Agung. \*)
- (2) Présidén méré amnésti jeung abolisi kalawan ngéstoikeun pertimbangan Déwan Perwakilan Rayat. \*)

**Pasal 15**

Présidén méré gelar, tanda jasa, jeung tanda kahormatan séjénna nu diatur ku undang-undang. \*)

**Pasal 16**

Présidén ngawangun déwan pertimbangan nu tugasna méré naséhat jeung pertimbangan ka Présidén, nu saterusna diatur dina undang-undang. \*\*\*\*\*)

**Pasal 17**

- (1) Présidén dibantu ku menteri-menteri nagara.
- (2) Éta menteri-menteri téh diangkat jeung diureunkeun ku Présidén. \*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

- (3) Unggal menteri ngurus widang garapan nu geus ditangtukeun dina pamaréntahan. \*)
- (4) Ngawangun, ngarobah, jeung ngabubarkeun kementerian nagara diatur dina undang-undang. \*\*\*)

## **BAB VI PAMARÉNTAHAN DAÉRAH**

### **Pasal 18**

- (1) Nagara Kesatuan Républik Indonésia dibagi jadi daérah-daérah propinsi sarta éta daérah propinsi téh dibagi jadi kabupatén jeung kota; tiap-tiap propinsi, kabupatén, jeung kota boga pamaréntahan daérah, nu diatur ku undang-undang. \*\*)
- (2) Pamaréntah daérah propinsi, daérah kabupatén, jeung kota ngatur jeung ngurus sorangan urusan pamaréntahan nurutkeun asas otonomi jeung tugas pembantuan. \*\*)
- (3) Pamaréntah daérah propinsi, daérah kabupatén, jeung kota boga Déwan Perwakilan Rayat Daérah nu anggota-anggotana dipilih dina pemilihan umum. \*\*)
- (4) Gubernur, Bupati, jeung Walikota masing-masing salaku kapala pamaréntah daérah propinsi, kabupatén, jeung kota dipilih sacara démokratis. \*\*)
- (5) Pamaréntahan daérah ngajalankeun otonomi kalawan laluasa, iwal urusan pamaréntahan nu ku undang-undang ditangtukeun jadi urusan Pamaréntah Pusat. \*\*)
- (6) Pamaréntah daérah boga hak netepkeun peraturan daérah jeung peraturan-peraturan lianna pikeun ngalaksanakeun otonomi jeung tugas pembantuan. \*\*)
- (7) Susunan jeung tata cara ngajalankeun pamaréntahan daérah diatur dina undang-undang. \*\*)

### **Pasal 18A**

- (1) Hubungan wewenang antara pamaréntah pusat jeung pamaréntah daérah propinsi, kabupatén, jeung kota atawa antara propinsi jeung kabupatén jeung kota, diatur ku undang-undang kalawan merhatikeun kahususan jeung keragaman daérah. \*\*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

- (2) Hubungan keuangan, layanan umum, pamangpaatan sumber daya alam jeung sumber daya séjénna antara pamaréntah pusat jeung pamaréntah daérah diatur jeung dilaksanakeun sacara adil tur luyu dumasar kana undang-undang. \*\*)

**Pasal 18B**

- (1) Nagara ngaku jeung ngajénan satuan-satuan pamaréntahan daérah nu boga sifat husus atawa sifat istimewa nu diatur ku undang-undang. \*\*)
- (2) Nagara ngaku jeung ngajénan golongan-golongan masarakat hukum adat sarta hak-hak tradisionalna satungtung hirup kénéh tur luyu jeung kamekaran masarakat katut prinsip Nagara Kesatuan Républik Indonésia, nu diatur dina undang-undang. \*\*)

**BAB VII  
DÉWAN PERWAKILAN RAYAT**

**Pasal 19**

- (1) Anggota Déwan Perwakilan Rayat dipilih dina pemilihan umum. \*\*)
- (2) Susunan Déwan Perwakilan Rayat diatur ku undang-undang. \*\*)
- (3) Déwan Perwakilan Rayat ngayakeun sidang sakurang-kurangna sakali dina sataun. \*\*)

**Pasal 20**

- (1) Déwan Perwakilan Rayat nyekel kakawasaan pikeun nyieun undang-undang. \*)
- (2) Unggal rancangan undang-undang dibahas ku Déwan Perwakilan Rayat jeung Présidén pikeun disatujuan babarengan. \*)
- (3) Upama éta rancangan undang-undang teu disatujuan babarengan, éta rancangan undang-undang téh teu meunang diajukeun deui dina persidangan Déwan Perwakilan Rayat mangsa éta. \*)
- (4) Présidén ngesahkeun rancangan undang-undang nu geus disatujuan babarengan pikeun jadi undang-undang. \*)
- (5) Dina hal rancangan undang-undang nu geus disatujuan babarengan téa teu disahkeun ku Présidén dina waktu tilu puluh poé ti saprak

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

éta rarancang undang-undang disatujuan, éta rarancang undang-undang téh sah jadi undang-undang tur wajib diundangkeun. \*\*)

**Pasal 20A**

- (1) Déwan Perwakilan Rayat boga fungsi législati, fungsi anggaran, jeung fungsi pengawasan. \*\*)
- (2) Dina ngalaksanakeun fungsina, salian ti hak nu diatur dina pasal-pasal séjén tina ieu Undang-Undang Dasar, Déwan Perwakilan Rayat boga hak interpelasi, hak angké, jeung hak nembrakkeun pamadegan. \*\*)
- (3) Salian ti hak nu diatur dina pasal-pasal séjén ieu Undang-Undang Dasar, tiap-tiap anggota Déwan Perwakilan Rayat boga hak ngajukeun pertanyaan, nepikeun usul jeung pamadegan sarta hak imunitas. \*\*)
- (4) Katangtuan saterusna ngeunaan hak Déwan Perwakilan Rayat jeung hak anggota Déwan Perwakilan Rayat diatur dina undang-undang. \*\*)

**Pasal 21**

Anggota Déwan Perwakilan Rayat boga hak ngajukeun usul rarancang undang-undang. \*)

**Pasal 22**

- (1) Dina hal ihwal dipaksa ku kaayaan genting, Présidén boga hak pikeun netepkeun peraturan pamaréntah gaganti undang-undang.
- (2) Éta peraturan pamaréntah téh kudu disatujuan ku Déwan Perwakilan Rayat dina persidangan sapandeurieunana.
- (3) Upama teu disatujuan, éta peraturan pamaréntah téh kudu dicabut.

**Pasal 22A**

Katangtuan saterusna ngeunaan tata cara nyieun undang-undang diatur ku undang-undang. \*\*)

**Pasal 22B**

Anggota Déwan Perwakilan Rayat bisa dieureunkeun tina jabatanana, nu sarat-sarat katut tata carana diatur dina undang-undang. \*\*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

**BAB VIIA <sup>\*\*\*</sup>)**  
**DÉWAN PERWAKILAN DAÉRAH**

**Pasal 22C**

- (1) Anggota Déwan Perwakilan Daérah dipilih ti unggal propinsi dina pemilihan umum. <sup>\*\*\*</sup>)
- (2) Anggota Déwan Perwakilan Daérah ti unggal propinsi jumlahna sarua jeung jumlah sakabéh éta anggota Déwan Perwakilan Daérah téh teu leuwih ti sapertilu jumlah anggota Déwan Perwakilan Rayat. <sup>\*\*\*</sup>)
- (3) Déwan Perwakilan Daérah ngayakeun sidang sakurang-kurangna sakali dina sataun. <sup>\*\*\*</sup>)
- (4) Susunan jeung kalungguhan Déwan Perwakilan Daérah diatur ku undang-undang. <sup>\*\*\*</sup>)

**Pasal 22D**

- (1) Déwan Perwakilan Daérah bisa ngajukeun ka Déwan Perwakilan Rayat rarancang undang-undang nu patali jeung otonomi daérah, hubungan pusat jeung daérah, ngawangun jeung mekarkeun sarta ngagabungkeun daérah, ngokolakeun sumber daya alam jeung sumber daya ékonomi séjénna, sarta nu patali jeung perimbangan keuangan pusat jeung daérah. <sup>\*\*\*</sup>)
- (2) Déwan Perwakilan Daérah milu ngabahas rarancang undang-undang nu patali jeung otonomi daérah; hubungan pusat jeung daérah; ngawangun, mekarkeun jeung ngagabungkeun daérah; ngokolakeun sumber daya alam jeung sumber daya ékonomi séjénna, sarta perimbangan keuangan pusat jeung daérah; sarta méré pertimbangan ka Déwan Perwakilan Rayat kana rarancang undang-undang anggaran pendapatan jeung balanja nagara jeung rarancang undang-undang nu patalina jeung pajeg, pendidikan, katut agama. <sup>\*\*\*</sup>)
- (3) Déwan Perwakilan Daérah bisa ngayakeun pengawasan kana dilaksanakeunana undang-undang ngeunaan: otonomi daérah, ngawangun, mekarkeun jeung ngagabungkeun daérah, hubungan pusat jeung daérah, ngokolakeun sumber daya alam jeung sumber daya ékonomi séjénna, dilaksanakeunana anggaran pendapatan jeung balanja nagara, pajeg, pendidikan, jeung agama sarta nepikeun hasil pengawasanana ka Déwan Perwakilan Rayat pikeun bahan pertimbangan sangkan aya lajuning lakuna. <sup>\*\*\*</sup>)
- (4) Anggota Déwan Perwakilan Daérah bisa dieureunkeun tina jabatanana nu sarat-sarat jeung tata carana diatur dina undang-undang. <sup>\*\*\*</sup>)

---

<sup>\*)</sup> : Parobahan Kahiji  
<sup>\*\*)</sup> : Parobahan Kadua  
<sup>\*\*\*)</sup> : Parobahan Katilu  
<sup>\*\*\*\*)</sup> : Parobahan Kaopa



**BAB VIIB \*\*\*)**  
**PEMILIHAN UMUM**

**Pasal 22E**

- (1) Pemilihan umum dilaksanakeun sacara langsung, umum, bébas, rasiah, jujur, jeung adil unggal lima taun sakali. \*\*\*)
- (2) Pemilihan umum diayakeun pikeun milih anggota Déwan Perwakilan Rayat, Déwan Perwakilan Daérah, Présidén jeung Wakil Présidén jeung Déwan Perwakilan Rayat Daérah. \*\*\*)
- (3) Pamilon pemilihan umum pikeun milih anggota Déwan Perwakilan Rayat jeung anggota Déwan Perwakilan Rayat Daérah nyaéta partéy politik. \*\*\*)
- (4) Pamilon pemilihan umum pikeun milih anggota Déwan Perwakilan Daérah nyaéta jinisna pribadi. \*\*\*)
- (5) Pemilihan umum diayakeun ku komisi pemilihan umum nu sipatna nasional, tetep, jeung mandiri. \*\*\*)
- (6) Katangtuan saterusna ngeunaan pemilihan umum diatur ku undang-undang. \*\*\*)

**BAB VIII**  
**HAL KEUANGAN**

**Pasal 23**

- (1) Anggaran pendapatan jeung balanja nagara minangka wujud ngokolakeun keuangan nagara ditetepkeun unggal taun ku undang-undang sarta dilaksanakeun sacara bruk-brak jeung tanggung jawab pikeun kautamaan kama'muran rayat. \*\*\*)
- (2) Rarancang undang-undang anggaran pendapatan jeung balanja nagara diajukeun ku Présidén pikeun dibahas babarengan jeung Déwan Perwakilan Rayat kalawan ngéstoikeun pertimbangan Déwan Perwakilan Daérah. \*\*\*)
- (3) Saupama Déwan Perwakilan Rayat teu nyatujuan rarancang anggaran pendapatan jeung balanja nagara nu diusulkeun ku Présidén, Pamaréntah ngajalankeun Anggaran Pendapatan jeung Balanja Nagara taun saméméhna. \*\*\*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

**Pasal 23A**

Pajeg jeung pungutan séjén nu sipatna maksa pikeun kaperluan nagara diatur ku undang-undang. \*\*\*)

**Pasal 23B**

Wujud jeung harga mata uang ditetepkeun ku undang-undang. \*\*\*)

**Pasal 23C**

Hal-hal séjén ngeunaan keuangan nagara diatur ku undang-undang. \*\*\*)

**Pasal 23D**

Nagara boga bank séntral nu susunan, kalungguhan, kawenangan, tanggung jawab, jeung kamandirianana diatur ku undang-undang. \*\*\*\*\*)

**BAB VIII A \*\*\*)**  
**BADAN PEMERIKSA KEUANGAN**

**Pasal 23E**

- (1) Pikeun mariksa dikokolakeunana jeung tanggung jawab ngeunaan keuangan nagara diayakeun hiji Badan Pemeriksa Keuangan nu bébas tur mandiri. \*\*\*)
- (2) Hasil pamariksaan keuangan nagara dipasrahkeun ka Déwan Perwakilan Rayat, Déwan Perwakilan Daérah, jeung Déwan Perwakilan Rayat Daérah, luyu jeung kawenanganana. \*\*\*)
- (3) Hasil pamariksaan téa lajuning lakuna dilaksanakeun ku lembaga perwakilan jeung/atawa badan nu luyu jeung undang-undang. \*\*\*)

**Pasal 23F**

- (1) Anggota Badan Pemeriksa Keuangan dipilih ku Déwan Perwakilan Rayat kalawan ngéstokeun pertimbangan Déwan Perwakilan Daérah jeung diresmikeun ku Présidén. \*\*\*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

- (2) Pingpinan Badan Pemeriksa Keuangan dipilih ti anggota jeung ku anggota. \*\*\*)

### Pasal 23G

- (1) Badan Pemeriksa Keuangan dumukna di ibukota nagara, jeung boga wakil di tiap propinsi. \*\*\*)
- (2) Katangtuan saterusna ngeunaan Badan Pemeriksa Keuangan diatur ku undang-undang. \*\*\*)

## BAB IX KAKAWASAAN KEHAKIMAN

### Pasal 24

- (1) Kakawasaan kehakiman téh kakawasaan nu merdéka pikeun ngajalankeun peradilan geusan nanjeurkeun hukum jeung kaadilan. \*\*\*)
- (2) Kakawasaan kehakiman dilakukeun ku hiji Mahkamah Agung jeung badan peradilan nu aya sahandapeunana di lingkungan peradilan umum, lingkungan peradilan agama, lingkungan peradilan militér, lingkungan peradilan tata usaha nagara, jeung ku hiji Mahkamah Konstitusi. \*\*\*)
- (3) Badan-badan séjén nu fungsina patali jeung kakawasaan kehakiman diatur dina undang-undang. \*\*\*\*\*)

### Pasal 24A

- (1) Mahkamah Agung boga wewenang ngadilan dina tingkat kasasi, nguji peraturan perundang-undangan sahandapeun undang-undang kana undang-undang, jeung boga wewenang séjénna nu diwenangkeun ku undang-undang. \*\*\*)
- (2) Hakim agung kudu boga integritas jeung kapribadian nu tanpa codéka, adil, profésional, jeung boga pangalaman dina widang hukum. \*\*\*)
- (3) Calon hakim agung diusulkeun ku Komisi Yudisial ka Déwan Perwakilan Rayat pikeun disatujuan nu saterusna ditetepkeun salaku hakim agung ku Présidén. \*\*\*)
- (4) Ketua jeung wakil ketua Mahkamah Agung dipilih ti hakim agung jeung ku hakim agung. \*\*\*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

- (5) Susunan, kalungguhan, kaanggotaan, jeung hukum acara Mahkamah Agung sarta badan peradilan sahandapeunana diatur ku undang-undang. \*\*\*)

**Pasal 24B**

- (1) Komisi Yudisial sifatna mandiri nu boga wewenang ngusulkeun pikeun ngangkat hakim agung jeung boga wewenang séjén dina raraga ngajaga jeung nanjeurkeun kahormatan, kaluhungan martabat, sarta paripolah hakim. \*\*\*)
- (2) Anggota Komisi Yudisial kudu boga pangaweruh jeung pangalaman dina widang hukum sarta boga integritas jeung kapribadian nu tanpa codéka. \*\*\*)
- (3) Anggota Komisi Yudisial diangkat jeung dieureunkeun ku Présidén kalawan disatujuan ku Déwan Perwakilan Rayat. \*\*\*)
- (4) Susunan, kalungguhan, jeung kaanggotaan Komisi Yudisial diatur ku undang-undang. \*\*\*)

**Pasal 24C**

- (1) Mahkamah Konstitusi boga wewenang pikeun ngadilan dina tingkat munggaran jeung pamungkas nu putusanana sifatna final pikeun nguji undang-undang kana Undang-Undang Dasar, mutus pacéngkadan kawenangan lembaga nagara nu wewenangna diwenangkeun ku Undang-Undang Dasar, mutus dibubarkeunana partéy politik, jeung mutus pacogrégan hasil pemilihan umum. \*\*\*)
- (2) Mahkamah Konstitusi wajib méré putusan kana pamanggih Déwan Perwakilan Rayat ngeunaan sangkaan pelanggaran ku Présidén jeung/ atawa Wakil Présidén nurutkeun Undang-Undang Dasar. \*\*\*)
- (3) Mahkamah Konstitusi boga salapan urang anggota hakim konstitusi nu ditetepkeun ku Présidén, nu diajukeun masing-masing tilu urang ku Mahkamah Agung, tilu urang ku Déwan Perwakilan Rayat, jeung tilu urang ku Présidén. \*\*\*)
- (4) Ketua jeung Wakil Ketua Mahkamah Konstitusi dipilih ti hakim konstitusi jeung ku hakim konstitusi. \*\*\*)
- (5) Hakim konstitusi kudu boga integritas jeung kapribadian nu tanpa codéka, adil, nagarawan nu ngawasa perkara konstitusi jeung katatanagaraan, jeung teu ngarangkep salaku pejabat nagara. \*\*\*)
- (6) Ngangkat jeung ngeureunkeun hakim konstitusi, hukum acara jeung katangtuan séjénna ngeunaan Mahkamah Konstitusi diatur ku undang-undang. \*\*\*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

**Pasal 25**

Sarat-sarat pikeun jadi jeung dieureunkeunana salaku hakim ditetepkeun ku undang-undang.

**BAB IXA\*\*)  
WILAYAH NAGARA**

**Pasal 25A \*\*\*\*\*)**

Nagara Kesatuan Républik Indonésia téh nyaéta hiji nagara kapuloan nu cirina Nusantara kalawan wewengkon nu wates-wates jeung hak-hakna ditetepkeun ku undang-undang. \*\*)

**BAB X  
WARGA NAGARA JEUNG PENDUDUK \*\*)**

**Pasal 26**

- (1) Nu jadi warga nagara nyaéta jalma-jalma bangsa Indonésia asli jeung jalma-jalma bangsa séjén nu disahkeun ku undang-undang salaku warga nagara.
- (2) Penduduk nyaéta warga nagara Indonésia jeung urang asing nu matuh di Indonésia. \*\*)
- (3) Hal-hal ngeunaan warga nagara jeung penduduk diatur ku undang-undang. \*\*)

**Pasal 27**

- (1) Sakumna warga nagara sarua kalungguhanana dina hukum jeung pamaréntahan jeung wajib ngajungjung hukum jeung pamaréntahan kalawan taya nu diiwalkeun.
- (2) Tiap-tiap warga nagara boga hak meunang pakasaban jeung kahirupan nu pantes pikeun kamanusaan.
- (3) Unggal warga nagara boga hak jeung wajib ilubiung dina upaya ngabéla nagara. \*\*)

---

\*) : Parobahan Kahiji  
\*\*) : Parobahan Kadua  
\*\*\*) : Parobahan Katilu  
\*\*\*\*\*) : Parobahan Kaopa

**Pasal 28**

Kamerdékaan berserikat jeung ngumpul, ngutarakeun pamadegan sacara lisan jeung tulisan jeung nu séjénna ditétepikeun ku undang-undang.

**BAB XA \*\*)**  
**HAK ASASI MANUSA**

**Pasal 28A**

Unggal jalma boga hak pikeun hirup sarta boga hak pikeun ngukuhan hirup jeung kahirupanana. \*\*)

**Pasal 28B**

- (1) Unggal jalma boga hak pikeun ngawangun kulawarga jeung ngarundaykeun turunan ku cara kawin sah. \*\*)
- (2) Unggal budak boga hak kana kalumangsungan hirup, tumuwuh, jeung mekar sarta boga hak meunang panangtayungan tina panandasa jeung diskriminasi. \*\*)

**Pasal 28C**

